


Ki sa pou ou atann lè w ap resevwa vaksen COVID-19



Menm si w te gen COVID-19, li enpòtan pou w pran vaksen an.




Vaksen an gratis pou prèske tout moun, menm imigran yo. Ou pa bezwen okenn kat idantifikasyon pou pran vaksen an.




Gen plizyè vaksen COVID-19. Gen de vaksen ki mande pou w pran yon dezyèm dòz. Yo tout bon epi yo efikas.



Ou ka gen doulè nan bra, maltèt, lafyèv oswa frison aprè ou fin pran vaksen an.



W ap kòmanse santi w byen apre kèk jou.



L ap pran kèk semèn avan vaksen an komanse pwoteje w.



Kontinye mete yon mask, lave men w epi kenbe distans sosyal.



Mete yon randevou pou resevwa vaksen an.



Konpliman, ou fè pati pa w pou pwoteje tèt ou ak lòt moun kont COVID-19.